Pou Piblikasyon Imedya: 02/12/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE GOUVÈNMAN FEDERAL LA POU YO APWOUVE PAKÈ ÈD FEDERAL SOLID POU EDE PÒTORIKO A RAPIDMAN

Li Vizite Eta Aktyèl Efò Retablisman yo ak Gouvènè Rosselló epi li Mete Aksan sou Bezwen Finansman Imedya ki genyen pou Rekonstwi Aprè Dega 94.4 Milya Dola

Li Vizite epi Remèsye 450 Travayè Itilite New York k ap Ede Retabli Kouran an yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande gouvènman federal la pou yo apwouve rapid yon pakè èd federal solid pou rekonstwi aprè dega 94.4 milyon dola ki te fèt sou zile a apre pasaj Ouragan Maria. Ansanm ak bann resous New York te bay lòd voye bay zile a atravè Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort) ak pwosesis Èd Miytèl la (Mutual Aid), fonksyonè New York yo te mete ansanm ak yon seri lòt biznis ak òganizasyon san bi likratif nan kòmansman Novanm lan pou ede gouvènman Pòtoriken an evalye dega ki te fèt yo. Kounye a evalyasyon an fin fèt, Gouvènè a te vwayaje al Pòtoriko jodi a pou l vizite eta operasyon retablisman aktyèl yo avèk Gouvènè Rosselló epi li te mete aksan sou bezwen finansman imedya ak ekitabilite debaz yo bezwen gouvènman federal la gen pou tout Ameriken.

“Nouyòkè yo kontinye kanpe dèyè pèp Pòtoriko a pandan l ap fè fas ak kriz k ap pase la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pòtoriko toujou ap konfwonte chemen long pou yo rive retabli yo, epi gouvènman federal la ta dwe non sèlman santi yo wont pou fason yo te jere kriz la, men tou paske yo te trete Pòtoriko kòm sitwayen dezyèm klas. Li lè pou Kongrè a bay sijè sa a atansyon li merite epi pou yo konplètman finanse plan 94.4 milya dola pou retablisman Pòtoriko a san pèdi tan.”

Depi pwosesis retablisman te premye kòmanse plis pase 70 jou pase a, Pòtoriko te fè pwogrè, toufwa amelyorasyon sa yo kontinye bloke akoz mank repons konpreyasif gouvènman federal la ba yo. Non sèlman apeprè yon tyè rezo elektrik la toujou poko retabli epi gen 17.7 milya dola dega ki te fèt nan rezo elektrik la ak nan sistèm rezistans yo, men tou yo te tabli plis pase 31 milya dola nan dega ki te fèt nan kay yo. Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State la pral kontinye sipòte Pòtoriko ak materyèl ak lòt resous yo bezwen, men pou yo kapab abòde pi gwo pwoblèm zile a yo alavni, gouvènman federal la dwe aji imedyatman epi pou yo dwe konplètman finanse yon pwogram retablisman global.

Pandan li Pòtoriko a, Gouvènè Cuomo pral rankontre epi remèsye travayè itilite New York la yo tou paske yo te vwayaje al laba atravè pwosesis èd mityèl la pou yo ede restore rezo elektrik zile a. New York te deja voye plis pase 450 travayè itilite ki soti nan Otorite Elektrik New York la (New York Power Authority, NYPA), Con Edison, National Grid, PSEG, Central Hudson Gas & Electric Corp, ak AVANGRID pou al nan zile a epi travayè sa yo te kowòdone ak Otorite Kouran Elektrik Pòtoriko a (Puerto Rico Electric Power Authority, PREPA) an kowoperasyon dirèk ak Enjenyè Kò Lame Amerikèn lan yo (United States Army Corps of Engineers). Tousuit apre Siklòn Maria, premye ekip pèsonèl NYPA yo te ede PREPA fè triyaj domaj la epi evalye pratikman tout 360 estasyon zile an.

Anplis de travayè itilite sa yo, yon ekip Taktik pou Restorasyon Kouran an (Tactical Power Restoration team) ki gen 28 manm NYPA ap jere, yo espesyalize nan evalyasyon dega sistèm distribisyon kouran an yo ak yon ekip 15 manm yo te asiyen pou ede akselere pwosesis administratif pou ranbousman finansman nan men Ajans Jesyon Dijans Federal la (Federal Emergency Management Agency) ki te sou lèlye tou.

Imedyatman apre pasaj ouragan an, New York te mete sou pye Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State lan (Empire State Relief and Recovery Effort) pou ede Pòto Riko. An plis de asistans ke yo te distribiye nan zile a, 156 pèsonèl medikal volontè ki soti toupatou atravè kominote swen sante New York lan te vwayaje nan Pòto Riko pou bay sitwayen yo asistans swen sante ki nesesè anpil atravè zile a. Inisyativ volontè a te rive posib gras a efò jenere Asosiyasyon Lopital Greater New York la (Greater New York Hospital Association, GNYHA), Asosiyasyon Swen Sante Eta New York la (Healthcare Association of New York State), Asosiyasyon Swen Sante Kominotè Eta New York la (Community Health Care Association of New York State), Asosiyasyon Enfimyè Eta New York la (New York State Nurses Association) ak 1199SEIU. Ekip volontè yo te rive yè epi yo deplwaye yo pou yon dire 14 jou epi yo pral sèvi swa nan Sant Medikal Federal (Federal Medical Center) ki nan Manati a oswa yo pral bay sipò nan misyon sekou enpòtan Ekip Asistans Medikal pou Katastwòf la yo (Disaster Medical Assistance Teams) deja ap atreprann atravè Pòtoriko yo.

Yo ap kontinye livre materyèl medikal Pòtoriko atravè patenarya yo fè ak GNYHA, Fondasyon Afya (Afya Foundation), ak Apèl Jwif Inifye - Federasyon New York la (UJA-Federation of New York). Nan travay ansanm pou nou kowòdone tout aspè misyon an, ki gen ladan garanti nou gen avyon prive pou transpò epi achte plis pase 1 milyon dola materyèl, patenarya a te livre plis pase 30,000 liv pwodwi famasetik ak medikal bay 16 lopital ak òganizasyon swen sante ak 12 òganizasyon kominotè pou ede asire rezidan Pòtoriko yo gen aksè a swen sante enpòtan yo bezwen. Kagezon yo te gen ladan yo materyèl medikal vital ki gen ladan 3,000 flakon ensilìn, medikaman pou operasyon transplantasyon, medikaman pou kansè pedyatrik, antibyotik ak vaksen.

Gouvènè Cuomo te angaje tou Patenarya pou Vil New York (Partnership for New York City), òganizasyon biznis k ap mennen nan vil lan, pou kapab etabli Fon pou Sekou & Rekonstwiksyon Pòtoriko (Puerto Rico Relief & Rebuilding Fund) nan Fon Kolektivite New York (New York Community Trust), yon fondasyon piblik, ki pral ofri sibvansyon

bay òganizasyon charitab lokal ki nan Pòtoriko, k ap ede avèk relèvman ak rekonstwiksyon apre devastasyon Ouragan Maria, e ki konsantre sou fwaye ak kominote ki gen plis nesesite yo. Yo ap solisite finansman ak kontribisyon an nati yo nan men kominote biznis lan, ak yon don minimòm 10,000 dola.

Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State

New York te bay epi distribiye nan Pòto Riko jiska dat:

- 2.1 milyon boutèy dlo
- 2.7 milyon kouchèt bebe endividyèl
- 1.6 milyon kouch
- 284,300 pwodwi feminin
- 67,000 kontenè manje tibebe
- 37,000 pake manje seche
- 23,015 bwat konsèv
- 15,200 boutèy/sachè dlo/bwason espò yo
- 8,600 lanp solè
- Plis pase 1 milyon dola nan apwovizyonnman medikan ki pi enpòtan yo pou San Juan, Vieques, Culebra ak lòt kote ankò, an patenarya ak GNYHA ak Fondasyon Afya.
- 225 aparèy pou filtre dlo

Epi yo te deplwaye:

- 457 anplwaye itilite New York, ki gen ladan 28 manm ekip Taktik pou Retablisman Kouran an ak 15 espesyalis evalyasyon dega yo.
- 132 Polis Militè Gad Nasyonal (National Guard Military Police)
- 125 Enjenyè Gad Nasyonal
- 60 Solda Gad Nasyonal
- Kat elikoptè Black Hawk
- 14 Pilòt
- 156 Medsen, Asistan Medsen, Enfimyè, ak Pratisyen Enfimyè Volontè yo
- Plis pase 70 anplwaye Otorite Pòtyè (Port Authority)
- Plis pase 130 Troup Eta
- 24 espesyalis Konpayi Elektrisite New York
- Ekip sipò lojistik ki gen senk manm ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans nan Eta a (State Division of Homeland Security and Emergency Services) yo
- 2 pilòt dwòn Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation)

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko yo, epi pou w jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite pajwèb Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State Gouvènè a te mete sou pye a pou ede Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418